

TRIBUNAL CIVIL VIL NEW YORK
KONTE _____

Moun ki fè Petisyon (Mèt Kay),

No. Endèks L&T _____

-kont-

**Avi Non Peman
Petisyon**

Moun kap reponn (Lokatè),
Adrès:

Adrès Biznis moun ki fè Petisyon an:

Moun kap reponn (Sou-Lokatè).
Adrès:

Mèt kay ou a ap rele w nan lajistis paske ou pa peye lwaye a.

1. Mèt kay ou a te kòmanse yon dosye degèpisman kont ou pou non peman lwaye mèt kay la di ou dwe. Wap jwenn rezon mèt kay la bay nan Petisyon ki enkli a.
2. Mèt kay ou ap mande Tribinal sa a pou:
 - yon jijman lajan pou \$_____, plis enterè nan_____, 20___, ak
 - pèmisyon pou degèpi w lakay ou si ou pa peye lajan jijman an.
3. Ou gen yon dwa a yon pwochè. Men anvan ou dwe Reponn Petisyon an lè ou ale nan Biwo grefye lokatè-pwopriyetè nan: _____, _____, New York. Ou dwe fè sa a nan lespas **10 jou** apre dat yo fin voye papyè yo ba ou oswa yon moun ki abite oswa travay lakay ou, oswa ou te afiche lakay ou nan:

Adrès oswa deskripsyon lokal yo

Avètisman! Si ou pa reponn Petisyon an nan lespas 10 jou, yo ka pwononse yon jijman kont ou. Si sa rive, mèt kay la pral gen dwa pou degèpi ou.

4. Repons ou ta dwe di rezon legal ke ou pa dwe tout oswa yon pati nan lwaye a. Rezon legal yo rele defans. Ou ka di tou nenpòt reklamasyon ou gen kont mèt kay la. Ou pral gen pou pwouve defans ou ak reklamasyon yo nan tribinal. Pou reponn Petisyon an ou dwe swa:
 - Ale nan Biwo Grefye lokatè-pwopriyetè epi di Grefye a Repons ou, oswa
 - Bay Grefye lokatè-pwopriyetè a repons ou alekri (Fòm No. Civ-LT-91a).

Enfòmasyon pou ede w reponn a Petisyon an (Fòm No. Civ-LT-92) disponib nan biwo grefye lokatè-Mèt kay la oswa anliy nan nycourts.gov/housingnyc.

Enpòtan! Si ou pa di Krefye a osijè yon defans nan Repons ou, ou ka pa anmezi pou pale sou li nan pita nan dosye sa a oswa nenpòt lòt dosye.

5. Lè ou reponn Petisyon an, ou pral resevwa yon dat pou retounen nan Tribinal 3 a 8 jou apre. Ou gen dwa pou ranvwaye dat sa a pou 14 jou men ou dwe vini nan tribinal la pou ranvwaye l. si ou peye tout lwaye kay la avan dat jijman, pwosè a ap anile.
6. Si non w pa nan Avi sa a men ou abite nan kay ki liste anwo a, ou gen yon dwa pou ale nan Tribinal epi Reponn a Petisyon an.

7. Resous Disponib:

- **Èd Legal:** Daprè lwa Vil New York, ou ka anmezi pou jwenn yon avoka gratis pou reprezante w nan dosye w. Rele 718-557-1379 oswa ale nan nycourts.gov/freelawyer pou w jwenn enfòmasyon sou èd legal gratis. Si ou gen lajan pou anboche yon avoka, ou ka kontakte Sèvis Referans Legal Baro Vil New York nan 212-626-7373.
- **Èd pou lang:** Si ou pa pale Angle byen oswa ou gen pwoblèm tandè, ou gen dwa a yon entèprèt tribinal la gratis. Di Grefye Tribinal la ou bezwen yon entèprèt, oswa rele 646-386-5670. Pou w li yon tradiksyon nan Avi sa a nan yon lòt lang vizite: www.nycourts.go/housingnyc. Pou w jwenn enfòmasyon sou degèpisman:

646-386-5750: Informations concernant les expulsions • বেদখলের তথ্য • 驱离租屋相关信息
 迫遷相關資訊 • Информация о выселении • الطرد حالات بشأن معلومات
 بے دخلیوں کی معلومات • Enfòmasyon Konsènan Degèpisman • información sobre desalojos

- **Èd ADA:** Si ou bezwen yon akomodasyon spesyal pou itilize tribinal la akòz yon andikap, rele 646-386-5300 oswa 711 (TTY) oswa pale avèk yon Grefye Tribinal.
- **Èd Finansye:** Si ou dwe lwaye e ou pa gen lajan, kontakte Liy Info HRA nan 718- 557-1399 pou w jwenn plis enfòmasyon sou resevwa èd pou peye lwaye a.
- **Èd nan Tribinal la:** Gen yon Sant Èd nan tribinal la kote ou ka pale avèk yon Avoka Tribinal oswa yon Avoka Volontè.
- **Èd sou Entènèt:** Vizite sitwèb Housing Court nan: nycourts.gov/housingnyc (disponib tou nan lang Panyòl ak Chinwa) oswa vizite LawHelpNY nan lawhelpny.org.

Ajounman ak Depo Lwaye. Nan tribinal, ou gen dwa pou ranvwaye pwose a pou omwen 14 jou. Men, si pwose w la pa fini nan 60 jou, mande pou ranvwaye l ankò, tribinal la ka ba w lòd pou depoze lajan nan tribinal la oswa fè yon peyman lwaye bay mèt kay la. Si ou pa fè sa, koz ou a ka antre an jijman imedyatman. RPAPL Sec. 745.

Aprè Jijman. Si tribinal la mande yon jijman kont ou apre yon pwosè, tribinal la ka ba ou tan pou peye jijman an ak pou yo pa degèpi w. Aprè tan sa a fini, ou pral resevwa yon Avi Degèpisman nan men yon Komisè ki ba ou omwen 14 jou pou peye tout lwaye a oswa deloje. Si ou pa peye oswa w pa soti. Yon ofisye ap degèpi w. RPAPL Sec. 749(2).

Vil New York, Konte _____

Date: _____, 20____

Grefye Tribinal Sivil Vil New York: _____

Petisyonè oswa Avoka pou Petisyonè a: _____

Adrès: _____

Nimewo Telefòn. _____